


**REMAK ENPÒTAN:** Dokiman sa a se pou referans sèlman, epi yo fè l pou ede moun k ap aplike yo konpare tradiksyon sa a bò kote vèsyon anglè fòm nan. Ou dwe ekri tout repons ou yo an anglè sou vèsyon anglè fòm sa a, epi se repons an anglè ou bay yo y ap sèvi pou pran tout desizyon. Otorite pou Asistans pou Etidyan nan Edikasyon Siperyè (Higher Education Student Assistance Authority, HESAA) nan New Jersey p ap aksepte repons nan okenn lòt lang. Menm si nou fè tout sa nou kapab pou tradui fòm sa a byen, tanpri sonje ka gen kèk ti diferans. Se konsa, nenpòt diferans oswa kontradiksyon ki ta parèt nan vèsyon dokiman an yo tradui a pa angaje pèsonn epi yo pa gen okenn valè devan lalwa, ni pou fè yon moun respekte dokiman an, ni pou fè l aplike. Vèsyon anglè fòmilè sa a se vèsyon ofisyèl la, epi se li menm pou w itilize pou w voye repons ou yo. Ou ka jwenn fòm anglè a isit la: www.hesaa.org/Documents/2026-2027MERS-D.pdf. Si ou jwenn yon erè nan tradiksyon an, oswa si ou vle pwopoze yon tradiksyon ki pi bon nan dokiman sa a, tanpri kontakte responsab lang HESAA a nan LanguageAssistance@hesaa.org. Si ou bezwen plis èd nan telefòn, ou ka rele ekip Ekip Swen Kliyan an (Customer Care Team) nou an nan nimewo 609-584-4480, epi mande yon entèprèt gratis nan youn nan plizyè santèn lang.

**STATE OF NEW JERSEY**

HIGHER EDUCATION STUDENT ASSISTANCE AUTHORITY

# Deklarasyon sou Depans Mansyèl ak Resous Etidyan ki Depandan pou Ane 2026–2027

**Tanpri telechaje fòm ou fin ranpli epi siyen an, ansanm ak lòt dokiman ki nesesè yo, sou Sistèm Jesyon Èd Finansye New Jersey (NJFAMS):**
*Pou antre nan kont NJFAMS ou, ale sou:* https://njfams.hesaa.org/NJFAMS/login.aspx?ReturnUrl=/NJFAMS/int/FinAid/index.aspx
*Ale nan lis bagay ou gen pou fè a "To Do List" ("Lis verifikasyo") epi klike sou "Upload Document" ("Telechaje Dokiman") pou w voye dokiman an.* **Si w bezwen konsiy sou kijan pou w fè sa, vizite paj sa a:** https://www.hesaa.org/Pages/uploaddocuments.aspx

**Non Etidyan an:** _____ _____ _____ **Nimewo ID Otorite pou Asistans pou Etidyan nan Edikasyon Siperyè nan New Jersey (NJHESAA):** _____

Siyati | Prenon | Inisyal dezyèm prenon w (M.I.)

## ENSTRIKSYON

- Paran ou yo oswa Bòpè/Bèlmè ou dwe ranpli fòm sa a, paske sou Aplikasyon Gratis pou Èd Federal pou Etidyan (FAFSA) ou an ou te deklare ou pa fè anpil kòb oswa ou pa fè kòb ditou.
- Paran ou yo oswa Bòpè/Bèlmè ou dwe ranpli ***tout pati*** nan fòm sa a epi telechaje tout dokiman yo mande yo sou sit Otorite pou Asistans pou Etidyan nan Edikasyon Siperyè (HESAA).
- Ekri montan ***egzak*** an dola ameriken ($) ou te ***peye chak mwa an 2024*** pou chak depans. Si kantite depans yo chanje de mwa an mwa, bay mwayèn depans pa mwa pou ane 2024 la.
- Yo ka mande plis enfòmasyon si dokiman yo resevwa yo pa ase oswa yo pa fin konplè.

**FÒM SA A AP KONSIDERE KÒM LI PA RANPLI NÈT SI OU METE "0" NAN TOUT BWAT YO EPI/OSWA SI OU PA METE DOKIMAN KI NESESÈ YO, KI SOTI NAN RESOUS YO BAY NAN SEKSYON II A.**

## SEKSYON I

| **Depans chak mwa Paran(yo)/Bòpè oswa Bèlmè** | |
|---|---|
| Nan nenpòt kategori kote ou pa t depanse lajan, tanpri ekri **"0"**. | |
| **Depans 2024 yo** | **Lajan yo peye chak mwa** |
| ***Lwaye/Kredi kay ak Taks sou kay | $ |
| Sèvis piblik (gaz, kouran, dlo, elatriye) | $ |
| Telefòn / Telefòn pòtab | $ |
| Manje ak bagay pou kay | $ |
| Peman machin/Gaz/Asirans | $ |
| Transpò piblik (bis, tren, elatriye) | $ |
| Kòb peye pou gad timoun / pansyon timoun | $ |
| Lòt: (Tanpri esplike) | $ |
| **Depans total pa mwa** | $ |
| | **x12** |
| **Depans total pa ane** | $ |

***Si kantite lajan pou lwaye/ ipotèk kay ak taks sou pwopriyete a se zewo. Tanpri eksplike:

## SEKSYON II

| Resous Paran (yo) Chak Mwa - OU ***DWE*** SOUMÈT DOKIMAN KI PWOUVE SA | |
|---|---|
| Pou nenpòt kategori kote ou pa t gen okenn revni, asistans oswa resous, tanpri ekri "**0**". | |
| **Revni pou ane 2024** **(Ou poko soumèt dokiman yo mande yo. Yo pral make dosye a kòm enkonplè)** | **Kantite lajan ou resevwa chak mwa** |
| *Revni ou touche nan travay (anvan yo retire taks) — Mete ***tout paj*** nan *Kopi deklarasyon taks Sèvis Revni Entèn (IRS Tax Return Transcript)* ou pou ane ***2024*** la<br>**Si ou pa t fè okenn deklarasyon taks, chaje Prèv IRS 2024 ki montre ou pa t fè deklarasyon (2024 IRS Proof of Non-Filing) ansanm ***ak*** Dokiman IRS 2024 ki montre salè ak revni ou (2024 IRS Wage and Income Transcript)* | $ |
| Revni sou envestisman – *Si paran ou gen yon pwopriyete y ap lwe bay lòt moun, voye Orè E (Schedule E) **2024** la ansanm ak balans prè kay la (kantite lajan ki rete pou peye toujou sou prè a) epi evalyasyon taks pwopriyete a (Mortgage Balance and Tax Assessment), jan yo te ye nan dat 31 desanm 2025, pou tout pwopriyete y ap lwe ki make nan Orè E a.* | $ |
| *Revni Biznis – Telechaje tout paj Deklarasyon taks biznis ou te fè ak IRS (IRS Business Tax Returns) pou ane ***2024*** la… *fòm 1065, 1120, 1120-S ak K-1 yo, ansanm ak Orè E pou ane **2024** la.* | $ |
| ****Si biznis la gen kay oswa pwopriyete l ap bay moun an lwaye, Telechaje Fòm IRS 8825 (Form 8825), Balans Ipotèk la, ak Evalyasyon Taks yo, jan sa te ye nan dat 31 desanm 2025, pou tout kay oswa pwopriyete l ap bay an lwaye ki make sou Fòm IRS 8825 la.*** | |
| **2024 Lòt Resous** | |
| Konpansasyon Chomaj *(Voye Fòm 1099-G (Form 1099-G) pou ane **2024**)* | $ |
| Benefis Sekirite Sosyal *(Voye Fòm SSA-1099 Administrasyon Sekirite Sosyal la (Form SSA-1099) pou ***tout*** moun ki nan kay la pou ane **2024**)* | $ |
| Konpansasyon pou Travayè *(Telechaje Deklarasyon ajans lan (Agency Statement) ki montre total tout lajan ou te resevwa nan ane **2024**)* | $ |
| Benefis pou Andikap *(Telechaje Deklarasyon ajans lan ki montre total tout lajan ou te resevwa nan ane **2024**)* | $ |
| Pansyon alimantè *(Telechaje Deklarasyon ajans lan ki montre total lajan ou te resevwa pou fen ane **2024**)* | $ |
| Epay *(Telechaje **3** relve chak mwa, youn apre lòt, ki soti nan kont epay paran ou te itilize pou peye depans ane **2024** yo)* | $ |
| **Pansyon pou timoun 2024** | |
| Pansyon pou Timoun *(Telechaje Dokiman ki soti nan Ajans lan oswa nan Divizyon an) ki montre total lajan ou te resevwa pou ***tout*** moun ki depann sou ou nan kay la pou fen ane **2024**)* | $ |
| **Total Lajan ak Resous ou genyen chak mwa** | $ |
| | **x12** |
| **Total Lajan ak Resous ou genyen chak ane** | $ |

| Benefis Federal Ou Te Resevwa an **2024** - Reponn kesyon ki *anba* yo sou ane **2024** ***oswa*** **2025.** | | |
|---|---|---|
| Èske paran ou yo ap resevwa oswa te resevwa Medicaid? (Si wi, telechaje Fòm 1095-B (Form 1095-B) oswa Lèt Ajans lan (Agency Letter)) | Wi ○ | Non ○ |
| Èske paran ou yo ap resevwa oswa te resevwa Revni Sekirite Siplemantè (SSI)? (Si wi, telechaje Deklarasyon Benefis (Benefits Declaration) SSI a) | Wi ○ | Non ○ |
| Èske paran ou yo ap resevwa oswa te resevwa Èd Federal pou Lojman (Federal Housing Assistance)? (Si wi, telechaje Bon Chwa Lojman an (Housing Choice Voucher)) | Wi ○ | Non ○ |
| Èske paran ou yo ap resevwa oswa te resevwa koupon manje (Food Stamps) Pwogram Asistans Nistrisyon SIplemantè (SNAP)? (Si wi, telechaje Lèt Ajans lan) | Wi ○ | Non ○ |
| Èske paran ou yo ap resevwa oswa te resevwa Asistans Tanporè pou Fanmi ki nan Bezwen (TANF)? (Si wi, telechaje Lèt Ajans lan) | Wi ○ | Non ○ |
| Èske paran ou yo ap resevwa oswa te resevwa benefis Asistans Jeneral (GA)/ Travay Dabò New Jersey (Work First NJ)? (Si wi, telechaje Lèt Ajans lan) | Wi ○ | Non ○ |
| Èske paran ou yo ou ap resevwa oswa te resevwa Pwogram Nitrisyon Siplemantè pu Fanm, Tibebe ak Timoun Pete (WIC)? (Si wi, telechaje Lèt Benefis Ajans lan(Agency Benefit Letter)) | Wi ○ | Non ○ |

**Eksplikasyon Sitiyasyon an (Obligatwa)**

Bay tout detay ou kapab sou kijan fanmi ou te fè pou peye tout depans ki make nan Seksyon I pou tout ane ***2024*** la. Ou dwe bay yon eksplikasyon tou si te gen kè*k depans sèlman oswa pa gen okenn* depans ki make nan *Seksyon 1.*

Mwen (Nou) sètifye enfòmasyon ki ekri anwo yo se laverite epi yo pa manke anyen, dapre tout sa mwen (nou) konnen
***Se etidyan an ak paran ki dwe siyen fòm sa a.***

Siyati Etidyan an (**obligatwa**): _____ Dat: _____

Siyati paran oswa boparan (**obligatwa**): _____ Dat: _____